

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan rélevansi matéri buku ajar basa Sunda SMA/SMK/MA jeung *SKKD*, anu ngawengku buku ajar *Gentra Basa Sunda*, *Pamager Basa*, jeung *Santika Basa* bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Tingkat rélevansi struktur matéri anu dipidangkeun dina buku ajar *Gentra Basa Sunda*, *Pamager Basa*, jeung *Santika Basa* baris katitén tina pedaran ieu di handap.
 - a) Struktur matéri anu dipidangkeun dina buku ajar *Gentra Basa Sunda* Kelas X, 92,9 % rélevan jeung *SKKD*, 7,1 % henteu rélevan jeung *SKKD*;
 - b) Struktur matéri anu dipidangkeun dina buku ajar *Gentra Basa Sunda* Kelas XI, 100 % rélevan jeung *SKKD*;
 - c) Struktur matéri anu dipidangkeun dina buku ajar *Gentra Basa Sunda* Kelas XII, 92,3% rélevan jeung *SKKD* 7,7 % kurang rélevan jeung *SKKD*;
 - d) Struktur matéri anu dipidangkeun dina buku ajar *Pamager Basa* Kelas X, 64,3 % rélevan, 28,6% kurang rélevan, jeung 7,1 % henteu rélevan jeung *SKKD*;
 - e) Struktur matéri anu dipidangkeun dina buku ajar *Pamager Basa* Kelas XI, 78,6% rélevan, jeung 21,4 % kurang rélevan jeung *SKKD*;
 - f) Struktur matéri anu dipidangkeun dina buku ajar *Pamager Basa* Kelas XII, 92,3% rélevan, jeung 7,7 % kurang rélevan jeung *SKKD*;

- g) Struktur matéri anu dipidangkeun dina buku ajar *Santika Basa* Kelas X, 50% rélevan, jeung 50% kurang rélevan jeung *SKKD*;
- h) Struktur matéri anu dipidangkeun dina buku ajar *Santika Basa* Kelas XI, 100% kurang rélevan jeung *SKKD*;
- i) Struktur matéri anu dipidangkeun dina buku ajar *Santika Basa* Kelas XII 33,3 % rélevan, jeung 66,7 % kurang rélevan jeung *SKKD*.

Sedengkeun pola matéri anu dipidangkeun dina buku ajar *Gentra Basa Sunda*, *Pamager Basa*, jeung *Santika Basa* baris dipedar saperti ieu di handap.

- a) Pola matéri anu dipidangkeun dina buku ajar *Gentra Basa Sunda* sakabéhna rélevan jeung *SKKD*, ku lantaran dina runtuyan polana nyampak runtuyan pola ngaregepkeun-nyarita-maca-nulis;
- b) Pola matéri anu dipidangkeun dina buku ajar *Pamager Basa* aya anu kurang rélevan, ku lantaran dina runtuyan polana henteu nyampak runtuyan pola ngaregepkeun nyarita-maca-nulis sakumaha anu sinerat dina *SKKD*;
- c) Méh sarua jeung pola matéri anu dipidangkeun dina buku ajar *Pamager Basa*, pola matéri anu dipidangkeun dina *Santika Basa* ogé kurang rélevan, ku lantaran dina runtuyan polana henteu nyampak pola ngaregepkeun-nyarita-maca-nulis sakumaha anu sinerat dina *SKKD*.

Jadi, dumasar kana struktur matéri dina buku ajar *Gentra Basa Sunda* 95 % rélevan jeung *SKKD*, *Pamager Basa* 78,4% rélevan jeung *SKKD*, sarta *Santika Basa* 27,8 % rélevan jeung *SKKD*.

- 2) Tingkat relevansi materi anu dipidangkeun dina buku ajar *Gentra Basa Sunda, Pamager Basa, jeung Santika Basa* baris katitén tina pedaran ieu di handap.
- a) Materi anu dipidangkeun dina buku ajar *Gentra Basa Sunda Kelas X*, 100% relevan jeung *SKKD*;
 - b) Materi anu dipidangkeun dina buku ajar *Gentra Basa Sunda Kelas XI*, 100% relevan jeung *SKKD*;
 - c) Materi anu dipidangkeun dina buku ajar *Gentra Basa Sunda Kelas XII*, 100% relevan jeung *SKKD*;
 - d) Materi anu dipidangkeun dina buku ajar *Pamager Basa Kelas X*, 92,9% relevan jeung *SKKD*;
 - e) Materi anu dipidangkeun dina buku ajar *Pamager Basa Kelas XI*, 100% relevan jeung *SKKD*;
 - f) Materi anu dipidangkeun dina buku ajar *Pamager Basa Kelas XII*, 100% relevan jeung *SKKD*;
 - g) Materi anu dipidangkeun dina buku ajar *Santika Basa Kelas X*, 100% relevan jeung *SKKD*;
 - h) Materi anu dipidangkeun dina buku ajar *Santika Basa Kelas XI*, 100% relevan jeung *SKKD*;
 - i) Materi anu dipidangkeun dina buku ajar *Santika Basa Kelas XII*, 100% relevan jeung *SKKD*.

Sedengkeun rélevansi nyantumkeun Standar Kompetensi (SK) jeung Kompetensi Dasar (KD) anu kapidangkeun dina unggal buku ajar bisa katitén tina pedaran ieu di handap.

- a) SK anu nyampak dina buku ajar *Gentra Basa Sunda Kelas X* 78,6 % rélevan, jeung 21,4 % kurang rélevan jeung *SKKD*. Sedengkeun KD na 92,9 % rélevan, jeung 7,1 % henteu rélevan jeung *SKKD*;
- b) SK anu nyampak dina buku ajar *Gentra Basa Sunda Kelas XI* 85,6 % rélevan, jeung 14,3 % kurang rélevan jeung *SKKD*. Sedengkeun KD na 78,6 % rélevan, jeung 21,4 % kurang rélevan jeung *SKKD*;
- c) SK anu yampak dina buku ajar *Gentra Basa Sunda Kelas XII* 61,6 % rélevan, jeung 38,5 % henteu rélevan jeung *SKKD*. Sedengkeun KD na 53,9 % rélevan, 7,7 % kurang rélevan, jeung 38,5 % henteu rélevan jeung *SKKD*;
- d) SK jeung KD anu nyampak dina buku ajar *Pamager Basa Kelas X*, sakabéhna henteu rélevan jeung *SKKD*;
- e) SK jeung KD anu nyampak dina buku ajar *Pamager Basa Kelas XI*, sakabéhna henteu rélevan jeung *SKKD*;
- f) SK jeung KD anu nyampak dina buku ajar *Pamager Basa Kelas XII*, sakabéhna henteu rélevan jeung *SKKD*;
- g) SK anu nyampak dina buku ajar *Santika Basa Kelas X* 28,6% rélevan, jeung 71,4 % kurang rélevan jeung *SKKD*. Sedengkeun KD na 42,9 % rélevan, jeung 57,1 % kurang rélevan jeung *SKKD*;

- h) SK anu nyampak dina buku ajar *Santika Basa Kelas XI* 21,4 % rélevan jeung *SKKD*, jeung 78,6 % kurang rélevan jeung *SKKD*. KD na 14,3 % rélevan, 35,7 % kurang rélevan, jeung 50 % henteu rélevan jeung *SKKD*;
- i) SK anu nyampak dina buku ajar *Santika Basa Kelas XII* 55,7 % rélevan, jeung 44,4 % kurang rélevan jeung *SKKD*. Sedengkeun KD na 22,2 % rélevan, 55,6 % kurang rélevan, jeung 22,2 % henteu rélevan.

Jadi, dumasar kana matérina buku ajar *Gentra Basa Sunda* 83,5 % rélevan jeung *SKKD*, *Pamager Basa* 32,3 % rélevan jeung *SKKD*, sarta *Santika Basa* 59,3 % rélevan jeung *SKKD*.

- 3) Konsép matéri pangdeudeul anu dipidangkeun dina buku ajar *Gentra Basa Sunda*, *Pamagér Basa*, jeung *Santika Basa*, sakabéhna midangkeun konsép matéri pangdeudeul anu ngawengku aspék pangaweruh kabasaan, aspék pangaweruh kasusastraan, jeung téori anu ngarojong kana matéri kaparigelan basa (ngargepkeun, nyarita, maca, jeung nulis);
- 4) Ambahan matéri pangdeudeul dina unggal buku ajar téh tinangtu béda-béda dina midangkeunana mah. Tapi, ditilik tina gurat badag konsép matéri mah, sakabéh buku ajar téh mibanda ambahan matéri pangdeudeul anu méh sarua antara buku ajar anu hiji jeung anu séjénna. Sakumaha anu katitén tina data-data analisis, bisa ditarik kacindekan saperti kieu.
- a) Ambahan matéri pangdeudeul anu nyampak dina buku ajar *Gentra Basa Sunda*, ngawengku daptar kekecapan anu disebutna kandaga kecap, matéri-matéri pangdeudeul aspék pangaweruh kabasaan jeung

kasusastraan, sarta diuwuhan ogé ku téori anu bisa ngarojong kana kaparigelan basa (ngaregepkeun, nyarita, maca, nulis);

b) Ambahan matéri pangdeudeul anu nyampak dina buku ajar *Pamager Basa Sunda*, ngawengku daptar kekecapan anu disebutna pamagerpédia, matéri-matéri pangdeudeul aspék pangaweruh kabasaan jeung kasusastraan, sarta méh sarua jeung buku ajar *Gentra Basa Sunda* nya éta diuwuhan ogé ku téori anu bisa ngarojong kana kaparigelan basa (ngaregepkeun, nyarita, maca, nulis);

c) Ambahan matéri pangdeudeul anu nyampak dina buku ajar *Santika Basa*, ngawengku daptar kekecapan anu disebutna dina buku ajar *Santika Basa* mah kamus bacaan, matéri-matéri pangdeudeul aspék pangaweruh kabasaan jeung kasusastraan, sarta diuwuhan ogé ku téori anu bisa ngarojong kana kaparigelan basa (ngaregepkeun, nyarita, maca, nulis).

Jadi, ambahan matéri pangdeudeul anu nyampak dina buku ajar *Gentra Basa Sunda*, *Pamager Basa*, jeung *Santika Basa*, sakabéhna rélevan jeung anu sinerat dina *SKKD*.

5.2 Saran

Sanggeus nalungtik ngeunaan rélevansi matéri buku ajar basa Sunda SMA/SMK/MA jeung *SKKD* anu ngawengku rélevansi struktur matéri (struktur jeung pola matéri), rélevansi matéri (matéri, Standar Kompetensi, jeung Kompetensi Dasar), konsép matéri pangdeudeul, sarta ambahan matéri pangdeudeul, aya sababaraha saran anu bari ditepikeun sangkan ieu ajén

panalungtikan téh bisa leuwih ngaronjat tur kahareupna bakal aya parobahan kanu leuwih alus dina bagbagan nyusun buku ajar, diantarana:

- 1) Para panyusun buku ajar kudu leuwih imeut dina nangtukeun matéri-matéri anu baris dipidangkeun dina buku ajar, sangkan bisa ngawujud struktur matéri anu silih rojong dina raraga ngahontal tujuan pangajaran;
- 2) Dina nangtukeun matéri poko, salalawasna kudu angger suméndér kana *SKKD* pangajaran basa jeung sastra Sunda;
- 3) Matéri pangdeudeul tinangtu kudu nyampak dina buku ajar, pikeun ngawuwuhan matéri pokona. Dumasar kana *SKKD*, anu kudu dititénan nalika nangtukeun matéri-matéri pangdeudeul nya éta matéri pangdeudeul téh kudu ngawengku matéri aspék pangaweruh kabasaan jeung aspék pangaweruh kasusastraan. Bisa ogé diwuwuhan ku téori anu bisa ngarojong kana kaparigelan basa (ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis). Ku kituna para panyusun kudu inget yén matéri pangdeudeul téh kudu bisa ngarojong kana matéri pokona;
- 4) Para panyusun kudu leuwih taliti deui dina nuliskeun Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar, ti mimiti nuliskeun nomer, basa anu dipakéna, tur kekecapan anu saluyu jeung anu sinerat dina *SKKD*;
- 5) Dina ieu panalungtikan, saukur maluruh ngeunaan rélevansi matéri buku ajar basa Sunda SMA/SMK/MA jeung *SKKD*. Ku kituna pikeun ngeueyeuban ieu panalungtikan, kudu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan buku ajar, ngan dibédakan jihat sawanganana.